Методсоветым щащ1а доклад

Темэ:

Адыгэбзэ, адыгэ литературэ дерсхэм сабийхэм я щ1эныгъэр езыгъэ1фак1уэу къыщызгъэсэбэп 1эмалхэр

Зыгъэхьэзырар Тэнащ М.Х.

МКОУ СОШ Псыкуэд къуажэм адыгэбзэмрэ литературэмкк1э егъэджак1уэ

2025гъ.

Егъэджэныгъэ 1уэхум дызэрыт лъэхъэнэм зэхъуэк1ыныгъэшхуэ игъуэтащ. Ар къызыхэк1ыр нобэ абы щ1агъыу къыхыхьахэрщ, стандартыщ1эхэм къалэн пыухык1а къагъэувхэрщ.

Сэ си лэжьыгъэм гулъытэ хэха хузощ1 бзэ дджым и тхыдэм щыгъэгъуэзэным, еджак1уэхэр предметым дегъэхьэхыным екьэл1а лэжьыгъэхэр ядегъэк1уэк1ыным, бзэр егъэджыным щ1ыгъуу лъэпкъым и тхыдэм щыгъуазэ щ1ыным, адыгэ хабзэм щыщхэм

щыгъэгъуэзэным.Абык1э дэ1эпыкъуэгъушхуэ мэхъу тхылъыщ1эхэм къыщыгъэсэбэпа зезыгъэужь технологиехэр, джэгук1эм епха технологиехэр, тест лэжьыгъэхэр, дифференцированнэ егъэджэк1эр, проект лэжьыгъэхэр егъэщ1ыныр,н.къ. А технологиехэм еджак1уэхэми егъэджак1уэхэми 1эмал къыдет лэжьыгъэм творческэ бгъэдыхьэк1эхэр къыщыдгъэсэбэпыну, программэр дджыным лъэныкъуэ зыбжанэк1э дыбгъэдыхьэну, нэхъ щ1эщыгъуэу, еджак1уэм къытемыхьэлъэу темэщ1эхэм щыгъуазэ тщ1ыну. Сабийхэм къахухэсх лэжьыгъэхэр я гугъуагък1э зэхуэдэкъым. Ахэр зэщхьэщедз : лэжьыгъэ тынш, мыгугъу, гугъу,гугъу дыдэхэр. Апхуэдэ бгъэдыхьэк1эм 1эмал къызет зэф1эк1 зэмыл1эужьыгъуэ зи1э еджак1уэхэр лэжьыгъэм хэсшэну, хэсшэм имызакъуэу, темэр къатемыхьэлъэу, дихьэхыу къагурызгъэ1уэным. Си урокхэр зэрыхъук1э изопх 1уэры1уатэм, литературэм, урысыбзэм, тхыдэм, философием, литературэм и жанр зэхуэмыдэхэр къегъэпщытэжыным, лъэпкъым и тхыдэм щыщ напэк1уэц1хэм щыгъэгъуэзэным. Апхуэдэ бгъэдыхьэк1эм 1эмал къызет дерсхэр къызэрымыгуэк1ыу предметым есшэл1эну,нэхъ кууэ яджыну, я тхыдэм, хабзэм, !уэры1уатэм , литературэм дезгъэхьэхыну.Еджак1уэхэр езыхэр текстым елэжьыфу, щыуагъэхэр къыхагъуэтэфу, ар зэрагъэзэхуэжыфу егъэсэным гулъытэшхуэ хузощ1. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм сэбэпыныгъэшхуэ къешэ. Сабийхэм езыр-езыру я щыуагъэхэр къагъуэтыжыфу йосэ,

щыуагъэхэр щ1ащ1а щхьэусыгъуэхэр езыхэм къыжа1э, я бзэм зыужьыныгъэ егъуэт.

Раздел щхьэхуэхэр дджын духа нэужь, къызэрапщытэж лэжьыгъэхэр ядызогъэк1уэк1. Программэм къигъэув пщалъэм ехьэл1ауэ диктантхэр, изложенэхэр, сочиненэхэр изогъэтх.

Правилэ яджахэр гъэбыдэнымк1э сэбэп мэхъу фонетическэ, морфологическэ, синтаксическэ ,морфемнэ зэпкърыхыныгъэхэр,зэгъэпщэныгъэхэр, н.

Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр тегъэпсащ еджак1уэхэм щыуагъэ хэмыту тхэуэ егъэсэным, гъэхуауэ еджэк1эр егъэф1эк1уэным.

Щыуагъэхэм щезгъэлэжьк1э гуп-гупурэ согъэлажьэ, зым и щыуагъэр адрейм ( нэхъ еджак1уэ 1эзэм) къыгурегъа1уэ.

Щыуагъэ зэрыхащ1ыхьа правилэхэр къызогъэпщытэ, нэгъуэщ1 щапхъэхэр изогъэтх.

Еджак1уэм игъуэта щ1эныгъэр къриспщытэу тест лэжьыгъэхэр къызогъэсэбэп. Тест лэжьыгъэхэм я къалэн нэхъыщхьэр еджак1уэхэр ягъэгупсысэу, ябгъэдэлъ щ1эныгъэхэр практическэу къагъэсэбэпыным хуэзыгъэушу, хуэзыунэт1у щытынырщ. Лэжьыгъэхэр зэрыухуа щ1ык1эм къызэф1егъэк1 еджак1уэхэм ялэжьын хуейм и мызакъуэу зэращ1ыну щ1ык1эри къагуры1уэныр.

Тестхэр нэхъ тыншхэуи нэхъ гугъухэуи зэхызолъхьэ. Нэхъ гугъухэр нэхъ еджак1уэ 1эзэхэм ягъэзащ1э. Нэхъ тыншхэр нэхъ щ1эныгъэ мащ1э зыбгъэдэлъ еджак1уэхэм яхухэхащ.

Тест лэжьыгъэхэр мы къэк1уэным тету къызогъэсэбэп:

Япэ 1ыхьэм хохьэ лэжьыгъэ (А). А лэжьыгъэм къыхуэхьа жэуапипл1ым пэжыр къыхэхын хуейщ.

Ет1уанэ 1ыхьэр (В) . Абы и жэуапыр еджак1уэхэм къагъэлъэгъуэн хуейщ псалъэк1э е бжыгъэк1э.

Ещанэ 1ыхьэр(С). Мы лэжьыгъэм къыщыхьа текстым ипкъ итк1э сочиненэ к1эщ1 ц1ык1у тхын хуейщ, псалъи 100-150-рэ хуэдиз хъууэ.

Лэжьыгъэхэр зэрызэк1элъык1уэм хуэдэу ягъэзащ1э, ауэ зи жэуапыр ямыщ1эм зэман лей трамыгъэк1уадэу къык1элъык1уэр ягъэзащ1э, иужьк1э яхуэмыщ1ам къытрагъэзэж. Тест лэжьыгъэхэр тещ1ыхьащ еджак1уэхэм я бзэм зегъэужьыным, абыхэм грамматикэм, орфографием, пунктуацэм, лексикэм, псалъэ къэхъук1эм теухуа щ1эныгъэ пыухык1а егъэгъуэтыным.Апхуэдэу еджак1уэхэм къахуэсэбэпыжын есэныгъэхэр ягъуэт.

Дызэрыт лъэхъэнэм егъэджэныгъэ 1уэхум проектхэр нэхъ лъэ быдэк1э щыуву щытщ. Проектыр-сабийхэм я щхьэзакъуэ лэжьыгъэщ, къалэн пыухык1а гъэзэщ1эным теухуащ , 1эмал гуэрхэр езыр-езыру къагъуэтыфу езыгъасэщ, лэжьыгъэм ирахьэл1апхъэхэр зэхуахьэсыфу, къагъэсэбэпыфу зыгъасэ 1эмалыф1хэм ящыщщ.

Проектхэм теухуауэ иджыпсту куэд къапсэлъ, абы теухуауэ куэд интернетми дыщрохьэл1э. Мащ1эу сытепсэлъыхьынщ сэ си лэжьыгъэм а 1уэхугъуэр къызэрыщызгъэсэбэпым.

Мыхьэнэшхуэ и1эу къызолъытэ сабийхэм езыхэр зыхуей темэхэр нэхъ яф1эгъэщ1эгъуэн 1уэхугъуэхэм теухуа лэжьыгъэхэр егъэщ1ыным,гукъыдэж я1эу лэжьыгъэм елэжьыным. Япэ лъэхъэнэм сабийхэм уадэмы1эпыкъуу хъунукъым. Ауэ хуэм-хуэмурэ лэжьыгъэр я закъуэу ящ1ыфу йосэ.

Ди сабийхэм проект лэжьыгъэр гук1э къащтауэ жып1эмэ, щыуагъэ хъуну къыщ1эк1ынкъым. Абы и щыхьэтщ ди еджак1уэхэм и проект лэжьыгъэхэм къыхуахьа ехъул1эныгъэф1хэр, нэгъабэ гъэ

еджэгъуэм « Адыгэбзэм и тхьэмахуэм» къриубыдэу ди еджак1уэхэм ягъэхьэзыра проект лэжьыгъэ гъэщ1эгъуэнхэр.

Сэ сызэрегупсысымк1э, проект лэжьыгъэм дихьэха еджак1уэхэм есэныгъэф1хэр я1э хъуащ:

1. Сабийр къалэн пыухык1а зыхуигъэувыжыфу йосэ.
2. Езым и гупсысэк1э, и 1уэху еплъык1э и1эжу. Ар ихъумэжыфу йосэ.
3. Библиотекэм щ1элъ тхылъхэм зыхуейр къыхихыфу къигъэсэбэпыфу йосэ.
4. И гупсысэм зеужь, и къэухьым хохъуэ
5. Сабийм и бзэм зрегъэужь.
6. И анэдэлъхубзэр нэхъыф1у илъагъу мэхъу.
7. Утыкум къихьэу йосэ .ек1уу, дахэу, къеда1уэр дригъэхьэхыфу псалъэу йосэ.
8. Нэхъыф1у, нэхъ щыуагъэншэу тхэуэ йосэ.
9. Къызыхэк1а лъэпкъым и тхыдэм, къыдек1уэк1 хабзэхэм сабийр нэхъ кууэ щыгъуазэ мэхъу.
10. Еджэным хуи1э бгъэдыхьэк1эр нэхъыф1 мэхъу, йоф1ак1уэ.
11. Нэхъыщхьэ классхэм щеджэ сабийхэр нэхъыщ1эхэм дэ1эпыкъуфу йосэхэр.
12. Компьютерхэм 1эзэу ирилажьэу йосэхэр.

Шэч хэмылъу, проект лэжьыгъэхэр зыщ1ыфу еса еджак1уэхэм ягъуэта щ1эныгъэр, есэныгъэхэр къахуэсэбэпынущ еджап1э нэхъыщхьэ щ1эт1ысхьэми,къапэщылъ балигъ гъащ1эми.